

Si ou

**Wè Di**  
yon bagay yon bagay®



Homeland Security  
and Emergency Services

Counter  
Terrorism

# Endikatè Jeneral ak Avètisman Aktivite Kriminèl oswa Teworis

**Aktivite sispèk se nenpòt konpòtman ou obsève ki ta ka endike teworis oswa zak kriminèl anrapò ak teworis.**

## Konpòtman ak Endikatè Sispèk:

- Konpòtman ki sanble endike planifikasyon pou aktivite teworis, tankou fè kat jewografik wout, fè repetisyon senaryo, siveyans enstalasyon kle ak kwonometre trafik oswa siyal trafik
- Abiman ki pa apwopriye, tankou rad laj oswa teni ankonbran ki pa koresponn ak kondisyon tan yo
- Nenpòt tantativ pou jwenn enfòmasyon delika konsènan enstalasyon kle, pwosedi oswa pèsònèl sekirite
- Tantativ pou jwenn founitif: eksplozif, zam, minisyon, pwodwi chimik danjre oswa lòt materyo pou itilize nan yon atak
- Tantativ pou jwenn ekipman anplwaye tankou: veyikil, inifòm, badj, kat aksè oswa idantifikasyon pou rive antre nan enstalasyon kle yo
- Prezans materyèl sispèk ki ta ka itilize pou konstwi oswa pou degize eksplozif
- Siveyans fizik, anrejistreman videyo oswa tantativ pou fè foto sib pou ta atake (ansanm ak pa mwayen teknoloji Dwonn/UAS) ki konsantre sou pwèn aksè ak lòt karakteristik nan yon anplasman ke piblik la pa pran foto li anjeneral (pa egzanp, estrikti bilding, kamera sekirite yo)
- Prezans moun ki pa sanble fè pati espas travay la, etablisman biznis lan oswa toupre yon enstalasyon kle
- Tantativ pou jwenn aksè nan zòn ki gen restriksyon oswa antre/teste sekirite fizik ak pwosedi entèvansyon nan enstalasyon kle yo
- Prezans yon menm veyikil ou obsève ki pake pandan peryòd tan pwolonje ki pa gen okenn relasyon aparaman ak espas travay la oswa etablisman biznis lan (petèt k ap siveye)

## Fè Rapò Nenpòt Aktivite Sispèk nan

Liy Dirèk Eta New York pou  
Jwenn Konsèy sou Teworis

**1-866-SAFE-NYS** oswa  
( 1-866-723-3697 )

*Tout apèl yo gratis,  
epi y ap rete konfidansyèl nèt.*



TELECHAJE APLIKASYON 'SEE SEND'

